Министерство образования и науки РД

МКОУ «СОШ№8» г. Кизилюрт РД

# Открытый урок
# с использованием ИКТ
# на тему:

# *«Определение»*



**Тема** «Определение»

**Дарсил мурад ва масъалаби** :

* предложениялда жаниб определениялъул бугеб к1вар бич1ч1изаби ва цогидал предложениялъул членаздаса гьеб бат1а бахъизе лъай;

* предложениялъул синтаксикияб разбор гьабизе бугеб бажари щула гьаби.

* калам цебет1езаби; литературияб мац1алда лъимал к1алъазе ругьун гьари;

* эбел-инсуде, рахьдал мац1алде рокьи ц1ик1к1изаби.

Дарсил алатал: компьютер, т1адкъаязул карточкаби, т1ехь.

Дарсил ин:

1. **Дарсиде х1адурлъи.**
   Жакъа нилъер буго г1адатияб гуреб дарс. Гьаб дарсида нилъеца гьабизе буго бат1и- бат1ияб х1алт1и.
   Щвела нилъ гьоболлъухъ предложениялъухъеги, т1убала нилъер аслияб мурадги.
2. 

Гьава лъик1аб, лъим гьуинаб
Гьайбатаб цо ракь бук1араб,
Кьер-кьераб квен, керчал рохьал,
Бахьинлъарал жанир ругеб.

Гьеб ракьалда кверщел гьабун,
Кутакаб гъалбац1 бук1араб,
Кодор щварал х1айванал ч1ван,
Х1ал-зулмуялда хьвадулеб.

Гьаб коч1олъ сундул бицунеб бугеб, лъимал?

Ракь ---гьава лъик1аб, лъим гьуинаб, гьайбатаб, керчал рохьал ругеб.
Гъалбац1 – кутакаб.

1. **Кинал суалал кьолел гьал раг1абазе?**
2. **Кинаб каламалъул бут1а гьеб кколеб?**
3. **Предложениялда жанир кинал членаллъун колел?**

***Рагъ – квешаб***
***Рии – бух1араб***
***Гьой –ц1одораб***
***Кету – ц1адулаб***

**2-3 дандрайгун предложениял г1уц1е.**

7. **Ребусал 5.**

8. **Г1емерисеб мехалъ определениял нилъеда ратула эбелинсуде, Ват1аналде, гьава- бакъалде гьарурал куч1дузулъ. Гьанже г1енекке Ф. Г1алиевалъ эбелалде гьабураб коч1ол мухъазухъ.**

**Дир ралъад г1адинай гъваридай эбел,**
**Дир г1азул хъап г1адай т1адагьай эбел,**
**Дир т1огьолъ щуб г1адай щущарай эбел,**
**Дир щарил нах г1адай х1еренай эбел.**

Эбелалъе определениял хъвай. (доскаялда определениял хъвай)

9. **Эбелалъул рахьгун нилъее щола рахьдал мац1. Гьаб кеч1алда г1урус мац1алда кьун ругел определениял маг1арул мац1алде руссинарун хъвай:**

***Воздушно лёгок, сочен, <u>вкусен.</u>***
***<u>Суров и нежен</u>, многолик,***
***Во всех мелодиях искусен***
***Наш <u>удивительный</u> язык.***

Мац1 бук1уна, лъимал, бац1ц1ададбги, чорокабги, х1еренабги, ц1ек1абги, кьог1абги. «Мац1алъ чи ч1вала»- ян буго аби. Гьединлъидал , нилъерго мац1алда хадуб хал кквезе ккола.

10. **Кроссворд К**

11. **Предложениял хъвай:**

Г1усманил вацасул васасул рукъалъул къед биххун бач1ана.

4. **Кинха нужеда кколеб, нилъеца жакъасеб дарсида сундул бицине бугеб?**

2. **Слов х1алт1и:**
   Гьаб коч1олъ ратана нилъеда гьал зах1матал раг1аби:
   ***Керчаб - густой***
   ***Бахьинлъарал- богатые***
   ***Кверщел гьаби - хозяйничать***
   ***Х1ал- зулмуялда -***

3. **Определениялъе кьола Лъил? Сундул? Чан? Чанабилеб? абурал суалалги.**
   Дун ц1алулев вуго микьабилеб классалда.(ирга)
   Г1усманица анц1ила ункъо сон бана.(къадар)
   Нилъер къуват лъуг1и гьеч1еб буго.(бет1ергьанлъи)

4. **Тетрадазда х1алт1и:**
   ***Дир вацас исана анц1абилеб класс лъуг1изабуна.***

   ***Хирияй гьудулги гьагав дунгоги***
   ***Дагъистан кант1изе кицилъун ккана.***

5. **К1и - к1иязе т1адкъай: синонимал**
   ***Инжитаб –***
   ***Рокьукъаб –***
   ***Лъик1аб –***
   ***Аваданаб –***
   ***Жагъалаб –***
   ***Кутакаб –***
   ***Т1адагьаб –***

   ***Антонимал :***

   ***Халатаб –***
   ***Бит1араб –***
   ***Ц1ияб –***
   ***Бакъваяб –***
   ***Бак1аб –***
   ***Г1ебаб –***
   ***Бечедаб –***

6. **Данде кколел определениял рате:**
   ***Хасалихълъи – ц1огьораб***
   ***Бак1 – Ват1анияб***
   ***Буртина – ц1ах1илаб***
   ***Балагьи – бечедаб***

К1удияб Октябралъулаб социалистияб революция ккана 1917 соналда.

**12. Рефлексия**

Ц1алдохъан, вореха рак1алда бук1а
Мун вахине кколеб молол борхалъи .
Вегараб босноби к1очене тоге
Нахъа тезе бугеб нухлул халалъи.

Дуда лъай, нагагьлъун гъоркьго хут1ани ,
Халкъалъул берзукьа мун вортулевлъи.
Байбихьул х1ок1азда х1ет1е сорони,
Цого бак1 мерхьунев мун хут1улевлъи.

Ц1. Х1амзат.